

Pwogram Finans pou Travayè Ke Yo Mete Deyò

12 NYCRR Pati 704 (Nouvo Pati nan Chapit 10 la - Règleman Jeneral)

704.1 Dokiman Aplikasyon de fason Jeneral

(a) Ministè travay dwe resevwa dokiman yo nan fòm, fason, ak dèle manm komisyon an mande a.

(b) Manm komisyon an kapab nan nenpòt ki lè anvan dat apwobasyon yon aplikasyon oswwa kòm yon pati nan nenpòt envestigasyon ki soti nan yon aplikasyon, mande pou yon aplikan pwodui oswa prezante dokiman ki dekri nan Pati EEE chapit 59 lwa 2021 an oswa pati sa nan biwo ministè a, oswa pa mwayen elektronik, jan manm komisyon an mande 1. Pa rive fè sa nan espas tan ke yo mande a kapab sèvi kòm yon baz pou refize yon aplikasyon.

(c) Yon dokiman ke yon aplikan soumèt pou 1 etabli idantite dwe:

- (1) sètifye pa ajans ki bay li a;
- (2) pa ekspire amwens ke yo note sa espesifikman;
- (3) ann Anglè oswa vini avèk yon tradiksyon lang Anglè kalifye; ak
- (4) pa defòme oswa andomaje.

(d) Dokiman ki pa reponn avèk obligasyon pati EEE Chapit 59 Lwa 2021 yo oswa pati sa a, yo p ap konsidere ni yon pati ladan ni tout nèt, amwens ke yo ta mansyone yon lòt bagay nan Pati sa a. Manb komisyon an kapab nan tout diskresyon 1, kontakte aplikan oswa sous yon dokiman pou klarifikasiyon oswa verifikasyon dokiman yo, epi li kapab etabli kèk pwosedi pou yon tèl kontak.

704.2 Salè Travay oswa Pèt Revni Familyal

(a) Pou reponn ak egzijans “Travayè Yo Revoke” nan sousekyon 1 nan seksyon 2 Pati EEE Chapit 59 Lwa 2021 an yon aplikan dwe te fè eksperyans sityasyon sa yo:

- (1) pèdi salè-anplwa li omwen 50% pa semèn apati de premye semèn 23 Fevriye 2020 an; oswa
- (2) pèdi revni familyal li omwen 50% pa semèn apati de premye semèn 23 Fevriye 2020 an; oswa

(b) Tèm “Salè-Anplwa” jan yo itilize li nan Pati EEE Chapit 59 Lwa 2021 an vle di salè yon moun touche pou yon travay li te fè, ki gen omwen 18 lane pandan tan aplikasyon an.

(c) Tèm “andikape” a jan yo itilize li nan seksyon-paragraf (ii) Paragraf (c) seksyon 1 nan seksyon 2 Pati EEE Chapit 59 Lwa 2021 an vle di yon domaj oswa yon maladi ki fè yon moun pa kapab fè travay abtyèl li oswa travay pwofesyonèl li. "Andikap" anglobe tout sòt andikap: andikap mantal ak fizik; andikap pèmanan e tanporè; ak andikap pasyèl e total. "Andikap" la

dwe enkli andikap ke COVID-19 la koze ansanm avèk andikap ki gen rapò avèk gwochè s oswa gwochè la koze.

(d) Tèm "soutyen-fanmi an oswa prensipal sous revni yon fanmi an" jan yo itilize 1 nan seksyon paragraf (ii) paragraf (c) souseksyon 1 nan seksyon 2 Pati EEE Chapit 59 Lwa 2021 an vle di yon manm nan fanmi aplikan ki mouri oswa vin andikape, ki te responsab omwen 50% sipò finansye pou kay la epi li te gen omwen 18 lane lè li mouri oswa lè li vin andikape a.

(e) yo dwe bay dokiman sa yo avèk yon aplikasyon pou benefis si aplikan vin bezwen soutyen-fanmi oswa pèdi prensipal sous revni fanmi an:

(1) Ak desè moun ki te konn soutni fanmi an avan oswa prensipal sous revni fanmi an, ansanm avèk dat lanmò li; oswa

(2) Oswa pwèv ke moun ki te konn soutni fanmi an andikape oswa pèdi prensipal sous revni fanmi an, ansanm avèk dat ak nati andikap la, akonpanye:

(i) Deklarasyon, dosye, oswa lèt nan men yon pwofesyonèl medikal lisansye nan vil New York k ap founi oswa ki konn founi tretman medikal oswa evalyasyon domaj fizik oswa mantal oswa maladi ki anpeche yon moun fè travay abityèl li oswa travay pwofesyonèl li. Dokiman yo dwe pale de andikap moun nan pou 1 fè travay ki gen rapò ak aktivite tankou, chita, kanpe, mache, leve yon bagay, pote yon bagay, kenbe yon objè, tande, pale, ak vwayaje. Sizanka ta genyen defisyans mantal, dokiman dwe dekri abilité moun nan pou li konprann, egzekite ak sonje ransèyman, epi reponn de fason awopriye a sipèvisyon, kòlèg travay, ak presyon travay nan yon anviwònman travay.

Yon pwofesyonèl medikal lisansye ansanm avèk:

(A) yon doktè lisansye, yon doktè medikal oswa yon doktè osteyopati;

(B) yon sikològ lisansye, avèk yon sikològ lisansye oswa kalifye ki gen nivo pou 1 travay poukонт li; oswa yon sikològ eskolè kalifye oswa lisansye, oswa lòt pèsonèl kalifye oswa lisansye ki gen yon lòt tit k ap fè menm travay avèk yon sikològ eskolè ki baze nan yon lekòl, ki okipe 1 de defisyans andikap entèlektyèl, andikap aprantisaj, e limite a fonsyonman entèlektyèl sèlman;

(C) yon optometris lisansye ki okipe 1 de defisyans twoub vizyèl, oswa mezi nivo vizyon ak chan vizyèl nan yon etablisman kote se moun ki lisansye sèlman k ap travay.

(C) yon pedyat lisansye ki okipe 1 de defisyans nan pye ak chevi kote se moun ki lisansye sèlman k ap travay;

(C) yon odyològ lisansye ki okipe 1 de defisyans ki lye ak pwoblèm tande, twoub tretman oditif, ak twoub ekilib kote se moun ki lisansye sèlman k ap travay;

(F) Enfimyè lisansye anrejistre ki eksperimante (APRN), Enfimyè Aktif Eksperimante (APN), ak enfimyè anrejistre aktif eksperimante (ARNP) ki okipe yo de defisyans kote se moun ki lisansye sèlman k ap travay;

(G) yon doktè asistan ki lisansye ki okipe l de defisyans kote se moun ki lisansye sèlman k ap travay; oswa

(H) nenpòt lòt sous manm komisyon an presize.

(ii) Deklarasyon, dosye, oswa lèt ki soti nan yon ajans, otorite, bòd, oswa komisyon Eta New York, yon ajans gouvènman federal ki bay avantaj pou andikape, ki montre ke moun nan dwe resevwa avantaj dapre kondisyon fizik oswa mantal li; oswa

(iii) Deklarasyon, dosye, oswa lèt ki soti nan yon sant reyabilitasyon pwofesyonèl prive oswa lòt konseye ki bay avantaj oswa sèvis pou andikape, ki montre ke moun nan dwe resevwa benefis sa yo dapre kondisyon fizik oswa mantal li; oswa

(iv) nenpòt lòt dokiman ke manb komisyon an presize.

(f) Yon aplikan ki aplike pou benefis sou baz desè oswa andikap de yon moun ki t ap soutni fanmi oswa ki te prensipal sous reveni yon fanmi dwe etabli kalikasyon pou benefis nan paragrap (a) oswa paragraf (b) seksyon 3 atik 2 Pati EEE Chapit 59 Lwa 2021 an, aplikan dwe bay dokiman ki gen rapò avèk travay pou l ka kalifye jan sa presize nan Pati sa a ki reflete pakou travay moun ki te soutyen yon fanmi oswa sous prensipal revni yon fanmi.

(g) Si yon aplikan aplike pou benefis sou baz andikap de yon moun ki t ap soutni fanmi oswa ki te prensipal sous reveni yon fanmi, se pa moun ki te soutyen fanmi an oswa prensipl sou revni fanmi an ki dwe fè aplikasyon an.

704.3 Pwè Idantite

Anplis de dokiman prèv idantite ki dekri nan paragrap (a) seksyon 5 atik 2 Pati EEE Chapit 59 Lwa 2021 an, yon aplikan kapab bay komisyonè a dokiman sa yo pou l gen omwen 4 pwen pou prèv idantite:

(a) Pou twa pwen:

(1) Pèmi Aprann ke Depatman Veyikil a Motè Eta New York bay;

(2) Kat idantite Militè Ameriken ki aktif, sou rezèv, e pèsonèl militè ki an pansyon sèlman;

(3) Kat idantite ki gen foto sou li ke yon ajans, otorite, bòd la, oswa komisyon Eta New York bay, yon distri lekòl, oswa ajans gouvènman federal bay, sepandan, yo p ap konsidere kat idantite sa a ki make “pa pou pwosesis idantifikasiyon” oswa la pou langaj similè; oswa

(4) Kat idantite ki gen foto sou li ke yon enstitisyon edikatif, yon inivèsite, oswa yon kolèj, oswa yon lekòl ki pi wo nivo lekòl segondè bay, sijè ak regleman Ministè edikasyon Leta oswa Bòd la.

(b) Pou kat pwen:

- (1) Paspò ameriken oswa paspò etranje, ki gen plis ke dezan de dat ekspirasyon;
- (2) Pèmi kondui etranje ki gen yon foto sou li, ki gen plis ke dezan de dat ekspirasyon;
- (3) Dokiman federal ke Sèvis Imigrasyon ak Sitwayènte bay ansanm avèk fòm I-94, Form I-797, I-797A, or I-797D; oswa
- (4) Lèt Asiyasyon Nimewo Idantifikasiyon enpo Ameriken (ITIN).

(b) Pou yon pwen:

- (1) Kat idantite ki pa gen foto sou li ke yon ajans, otorite, bòd la, oswa komisyón Eta New York bay, yon distri lekòl, oswa ajans gouvènman federal bay, sepandan, yo p ap konsidere kat idantite sa a ki make “pa pou pwosesis idantifikasiyon” oswa la pou langaj similè;
- (2) Kat idantite ki gen foto sou li Ke yon patwon bay oswa yon antite ki asosye avèk yon patwon, ansanm avèk kat idantite ki gen foto sou li ki pèmèt ou antre nan etablisman sekirize ak yon imèb;
- (3) Kat idantite ki gen foto sou li ke yon òganizasyon charitab ki anrejistre bay avèk biwo charite nan Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York ki konsène kalifikasyon pou sèvis oswa patisipasyon nan pwogram ke òganizasyon Charitab la ap òganize nan sityasyon òdinè e pou ki kalifikasyon an te etabli avan dat 19 Avril 2021; oswa
- (4) Yon òf anplwa alekri, souch pèman, oswa avi pèman ke patwon travay bay aplikan.

704.4 Prèv rezidans

Anplis de dokiman prèv domisil ki dekri nan paragraf (b) seksyon 5 atik 2 Pati EEE Chapit 59 Lwa 2021 an, yon aplikan kapab bay komisyònè a dokiman sa yo pou l bay prèv ke li te abite nan Eta New York avan 27 Mas 2020 e li kontinye abite la oswa Li fenk vin abite la, dokiman yo dwe genyen non l ak adrès aplikan nan Eta New York, ak dokiman dwe genyen rezidans aktyèl aplikan an, ki date pa avan 20 Mas 2021, eksepte pou dokiman ki dekri nan sou-seksyon (a) e (c) yo:

- (a) Deklarasyon enpo leta oswa federal, avèk yon pwèv depo, yon konfirmasyon depo elektronik ki soti nan Ministè Enpo e finans oswa Sèvis Revni Entèn;
- (b) Souch pèman;
- (c) Pèmi Aprann ke Depatman Veyikil a Motè Eta New York bay;

- (d) òf danplwa oswa avi pèman ke yon patwon travay bay pou lojman ki lokalize l nan eta, ak lojman tanporè;
- (e) Atestasyon, bil, oswa dosye ki soti nan yon enstitisyon medikal oswa yon konpany asirans (asirans sante), asirans kay, asirans lwaye, asirans vi oswa asirans machin);
- (f) Atestasyon bankè oswa kat de kredi;
- (g) Konvokasyon jiridik, òdonans tribunal, oswa lòt dokiman ki soti nan tribunal leta, federal, oswa tribunal lokal oswa fowòm dwa administratif nan Eta New York;
- (h) Lèt de yon pwogram swen rezidansyèl vyolans domestik, oswa yon ajans gouvènmantal, òganizasyon non- pwofitab, oswa yon enstitisyon relije ki bay sèvis a moun ki sibi vyolans domestik;
- (i) Lèt de yon òganizasyon non pwofitab, oswa yon enstitisyon relije ki bay sèvis a moun ki sibi vyolans domestik;
- (j) Lèt ki ateste rezidans yon aplikan ke yon òganizasyon charitab anrejistre bay biwo charite nan Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York k ap bay aplikan sèvis nan sityasyon òdinè e pou li kalifikasyon an te etabli avan 19 Avril 2021; oswa
- (k) Dokiman ki soti nan yon ajans, otorite, bòd la, oswa komisyon Eta New York, yon ajans gouvènmantal oswa yon otorite de yon asosyasyon politik nan Eta New York, yon distri lekòl, oswa ajans gouvènman federal, Eksepte lèt ki soti nan Ministè travay ki gen rapò avèk yon aplikan selon Pati EEE Chapit 59 Lwa 2021 an.

704.5 Pwèv Kalifikasyon ki Lye avèk Travay

(a) Aplikan yo dwe bay prèv ke yo t ap travay ki ka pèmèt yo kalifye pou benefis ki dekri nan paragraf (a) ak (b) seksyon 3 atik 2 Pati EEE Chapit 59 Lwa 2021 an lè li soumèt dokiman nesesè bay komisyonè a. Pou benefis selon paragraf (a) seksyon 3 atik 2 Pati EEE Chapit 59 Lwa 2021 an, Aplikan yo dwe dwe bay senk pwen kòm prèv, aplikan, ki pa bay youn nan dokiman ki dekri nan paragraf (j) ak (k) seksyon 3 atik 2 Pati EEE Chapit 59 Lwa 2021 an, omwen twa pwen nan yon dokiman ki dekri nan sou-paragraf (c)(2) sou-seksyon sa a. (a) Pou benefis selon paragraf (b) seksyon 3 atik 2 Pati EEE Chapit 59 Lwa 2021 an, aplikan dwe bay omwen twa pwen kòm prèv.

(b) Tout dokiman Kalifikasyon ki lye ak travay dwe montre ke aplikan t ap travay epi te konn resevwa lajan kòm salè li pandan yon peryòd plis ke sis semèn nan yon peryòd sis mwa avan dat ke aplikan sètifye ke li kalifye pou jwenn benefis. Pou objektif Pati sa a:

- (1) "dat ke aplikan sètifye ke li kalifye pou benefis yo" dwe siyifi dat lè aplikan te pèdi salè travay li yo oswa pèdi revni familyal li, jan li defini nan Seksyon 704.2(a) Pati sa a.
- (2) Tèm "salè monetè pou yon peryòd plis ke si mwa vle di" vle di konpansasyon finansye dirèk ke yon aplikan konn resevwa pou travay li plis pase kenz èdtan pa semèn. Li dwe bay prèv salè monetè li konn touche chak semèn e li pa dwe gen ladan:

- (i) Pèman ki gen rapò ak bous etid, rekonpans, sibvansyon, kado, dividand, envestisman, alokasyon, pwogram etid ki lye ak travay, oswa pèman ki similè ak sa yo;
- (ii) Pèman li genyen nan lotri oswa nan aza, prim, oswa revni ki rive akoz vyolasyon lwa leta, ak lwa penal;
- (iii) Pèman èd pou timoun, pou konjwen, pèman alimantè, oswa restitisyon;
- (iv) Pèman ki soti nan nenpòt politik asirans oswa fon fidisyè;
- (v) Pèman egzansyon, reglemantasyon, oswa prim ki baze sou reklamasyon jiridik oswa aksyon ki dokimante nan nenpòt tribunal jiridik, ak fowòm administratif;
- (vi) Pèman ki soti nan sekirite sosyal, pansyon, revni difere oswa kont retrèt (pansyon);
- (vii) Pèman ki soti nan yon antite gouvènmantal ki pa gen rapò ak travay aplikan an; oswa
- (viii) Nenpòt lòt peman ke manm komisyon an presize.

(c) Aplikan ka bay dokiman kalifikasyon ki lye ak travay pou 1 prèv nan fason sa a:

(1) Pou senk pwen:

- (i) Nenpòt dokiman ki dekri nan paragraf (j) ak (k) seksyon 3 atik 2 Pati EEE Chapit 59 Lwa 2021 an;
- (ii) Deklarasyon enpo Eta, ki dwe gen ladan 1 (A) prèv ke li fè yon deklarasyon enpo nan Eta New York pou ane fiskal 2018, 2019, oswa 2020 nan Ministè Enpo ak Finans nan soumèt yon konfirmasyon elektronik, Ministè Enpo ak Finans bay "Lèt kòm atestasyon", oswa yon atestasyon bankè ki pale de pèman ki ale nan oswa ki soti nan Ministè Enpo ak Finans; ak (B) prèv nimewo idantifikasiyon valid pèman enpo yon moun (ITIN) oswa yon aplikansyon W-7 pou yon ITIN ak prèv soumisyon oswa ranplisaj; oswa
- (iii) Yon lèt de yon patwon ki dekri dat ke aplikan k ap travay e rezon ki fè aplikan p ap travay avèk patwon an ankò konfòmeman a sou-paragraf (i) paragraf (k) seksyon 5 atik 2 Pati EEE Chapit 59 Lwa 2021 an, ki dwe gen ladan:
 - (A) Adrès postal Patwon an ak adrès etablisman, nan Eta New York kote aplikan t ap travay la;
 - (B) Nimewo kont Asirans Chomaj Eta New York patwon an oswa yon Nimewo Idantifikasiyon Anplwa Federal (FEIN); oswa
 - (C) Enfòmansyon Kontak, ki gen ladan 1 yon nimewo telefòn, pou yon reprezantan patwon an ki kapab verifye kontni lèt la.

(2) Pou twa pwen:

(i) Yon plent, akizasyon, oswa yon dokiman nan sans sa ki depoze nan yon ajans lokal, leta, oswa federal oswa tribunal e ke antite sa sètifye, rekonèt ke aplikan an t ap travay nan eta New York, avan 19 avril 2021 e te konn resevwa oswa ta dwe resevwa salè monetè pou yon peryòd plis ke sis semèn nan yon peryòd sis mwa avan dat ke aplikan sètifye ke li kalifye pou jwenn benefis la;

(ii) Prèv, tankou atestasyon ke yon enstitisyon finansye bay, resi ki soti nan yon etablisman ankesman chèk oswa tranzaksyon de yon aplikasyon pèman, oswa depo dirèk regilye, oswa transfè ki soti nan yon antite oswa ki soti nan men yon moun ki pa lye avèk aplikan (ki pa detèmine kòm yon patwon travay aplikan an)

(3) Pou yon pwen:

(i) Batch ke patwon travay la bay;

(ii) Imèl, mesaj tèks, mesaj oswa pòs sou medya sosyal, oswa lòt mwayen komunikasyon ekri ki gen rapò ak fèy livrezon òdonans, fakti travay, resi de vant, ransèyman ak enstriksyon ki soti nan men patwon an;

(iii) Imèl, mesaj tèks, mesaj oswa pòs sou medya sosyal, oswa lòt mwayen komunikasyon ekri ant yon aplikan e yon patwon oswa yon antite ki la pou anplwaye moun ki kapab etabli yon relasyon travay;

(iv) Prèv, tankou atestasyon ke yon enstitisyon finansye bay, resi ki soti nan yon etablisman ankesman chèk oswa tranzaksyon de yon aplikasyon pèman, reprann chèk ak oswa remèt yon fon de yon revni oswa salè ke aplikan fè.

(v) Dokiman oswa materyèl ke yon patwon bay yon anplawye, ki gen ladan 1 nenpòt materyèl ki gen non adrès postal patwon an, Nimewo kont Asirans Chomaj Eta New York Patwon an oswa Nimewo Idantifikasyon Anplwa Federal (FEIN), ak oswa enfòmasyon kontak, ki gen ladan nimewo telefòn yon reprezantan patwon an;

(Vi) Resi oswa dosye ki montre angajman konsekitif ale e soti nan etablisman travay, tankou dosye pèman, resi paking, oswa dosye transpò piblik; oswa

(iii) Lèt ki ateste pakou anplwa yon aplikan ke yon òganizasyon charitab anrejistre bay biwo charite nan Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York epi ki rekonèt vreman ke aplikan sa te travay pandan tèl dire, li te pase pwosesis admisyon an, entèvyou, oswa lòt pwosesis estanda ki gen rapò ak bay aplikan sèvis dirèk ki gen rapò avèk travay anvan 19 Avril 2021;

(d) Yon aplikan kapab reponn ak egzijans nonb de pwen kòm prèv pou kalifikasyon ki lye avèk travay atravè nenpòt konbinezon de dokiman ki dekri nan souseksyon (c) seksyon sa a, men yon aplikan p ap ka resevwa plis pwen pou plizyè dokiman nan menm kategori. Pa egzanp, si aplikan bay dokiman de senk imèl ak mesaj tèks ant aplikan e antite ki anplwaye li a pou li pwouve egzistans yon relasyon travay, tankou akimilasyon imèl ak mesaj tèks vo yon pwen nan

souseksyon (c)(iv) a. Si menm aplikan sa a bay twa imèl diferan avèk fakti travay ki pwove travay li te fè pou antite ki te anplwaye li a, tankou akimilasyon imèl yo vo yon pwen nan souseksyon (c)(iii). Nan egzanp sa a, aplikan bay de pwen kòm prèv; youn nan souseksyon (c)(iv) a ak youn nan souseksyon (c)(iii).